

# Avantaj Asistans Lajan Kach ak Manje pou Ayisyen ki gen Ti Revni:



Anpil sitwayen ki soti Ayiti ak Kiba ki gen ti revni kalifye pou jwenn asistans lajan kach ak èd pou manje ak pwoteksyon swen sante. Depliyen sa a dekri avantaj ou ka jwenn, menm si w se yon ayisyen ki fèk rive. Prensip sou avantaj espesyal yo aplike pou imigran yo konsidere kòm "Resòtisan Kiben/Ayisyen" (Gade kaz ki nan paj an aprè a)

## Avantaj Lajan Kach ak Manje Chak Mwa

- **Èd Lajan Kach TAFDC:** Ou ka elijib pou TAFDC si ou se yon "Resòtisan Kiben/Ayisyen" oswa si w reponn ak lòt prensip sou estati imigran yo. Pou resevwa èd TAFDC, fòk revni w ba epi:
  - Fòk ou genyen timoun ki poko gen 18 lane oswa
  - Ou ansent (senk mwa pou pi piti).
- **Èd Lajan Kach EAEDC:** Ou ka elijib pou resevwa EAEDC chak mwa si ou gen yon estati imigrasyon legal oswa yon aplikasyon annatant yon estati kelkonk, TPS ladann tou, epi si ou p ap resevwa lòt avantaj asistans lajan kach. Ou ka resevwa asistans EAEDC a si gen revni ba e:
  - Ou genyen 65 lane pou pi piti;
  - Ou genyen yon andomajman oswa yon andikap,
  - Ou responsab yon granmoun oswa yon timoun ki gravman andikape, oswa
  - Ou se yon timoun ki poko gen 18 lane (men ki p ap viv ak fanmi li).
- **Èd Lajan Kach pou Refijye (RCA):** Ou ka elijib pou resevwa TAFDC si ou se yon "Resòtisan Kiben/Ayisyen" epi ou pa gen pitit. Ou ka resevwa RCA jiska yon lane, si w p ap resevwa lòt avantaj lajan kach.
- **Avantaj Sou Nitrisyon SNAP:** Ou ka elijib pou resevwa SNAP (dèfwà yo rele li Foudstenp) si ou se yon "Resòtisan Kiben/Ayisyen" oswa si w reponn ak lòt prensip sou estati imigran yo. Fwaye ki ap resevwa SNAP yo genyen aksè a lòt pwogram tou tankou pwogram HIP (avantaj mache kiltivatè).

## Kijan pou aplike pou benefis yo:

### Pou èd lajan kach DTA ak avantaj SNAP yo, twa fason:

- Aplike pa telefòn. Rele Liy Asistans DTA a nan 1-877-382-2363,
- Aplike sou entènèt. Ale sou [www.DTACConnect.gov](http://www.DTACConnect.gov) OSWA
- Aplike an pèsòn nan yon biwo DTA.

### Èd Lajan Kach pou Refijye (RCA):

- Aplike pou resevwa RCA atravè yon ajans lokal pou reyentegrasyon refijye. Rele Biwo Mass Refijye ak Imigran yo pou yon referans: 1-617-727-7888.
- Ajans pou reyentegrasyon refijye yo ka jere dosye w pou ou tou, ofri sèvis travay ak lòt sèvis toujou.

## Avantaj anplis sou nitrisyon

**Avantaj pou Fanm Bebe ak Timoun (WIC):** Ou pa bezwen genyen yon estati imigran legal pou ou resevwa WIC. Ou ka kalifye pou w resevwa WIC si ou gen yon ti revni ak si ou:

- Ansent,
- Ap alète oswa ti nouris, oswa
- Pitit ou gen mwens pase 5 an.

Ou ka aplike nan WIC lè ou rele Depatman Sante Piblik la nan 1-800-942-1007, sou entènèt, oswa ale an pèsonn nan yon klinik lokal WIC.

**Lòt avantaj sou nitrisyon: Si ou gen yon ti revni, ou ka kalifye pou w resevwa:**

- Repa eskolè gratis pou pitit ou
- Avantaj ete EBT pou pitit ou (DTA ap voye yo ba ou si ou elijib).
- Resous manje ijans ki soti nan yon depo manje lokal.
- Liy Dirèk Project Bread's FoodSource la kapab ede w jwenn manje nan lantouraj ou. Rele nan: 1-800-645-8333.

### Kiyès ki se yon resòtisan Kiben/Ayisyen?

"Resòtisan Kiben/Ayisyen" se sitwayen Kiba oswa Ayiti ki elijib pou avantaj federal selon lwa federal. Sa a pa yon estati imigrasyon. "Resòtisan Kiben/Ayisyen", se moun ki reponn a omwen youn nan kritè sa yo:

- Ou te rantre Etazini gras ak pawòl imanité,
- Ou te soumèt yon aplikasyon demann azil; oswa,
- Ou nan yon pwosesis depòtasyon men ou poko jwenn manda desizyon final depòtasyon an.

Timoun ki fèt deyò Ayiti de paran Ayisyen se sitwayen Ayisyen ki kapab kalifye kòm resòtisan Kiben/Ayisen.

Ou kapab elijib pou avantaj yo tou si ou genyen yon kat vèt (Rezidans Pèmanan Legal) oswa si w reponn ak lòt prensip sou estati imigran yo. Pale avèk yon defansè(avoka) apwopo de prensip pou jwenn avantaj yo.

## Plis enfomasyon

### E si se Estati Pwoteksyon Tanporè a (TPS) mwen genyen sèlman?

Si se TPS ou genyen sèlman, ou pa elijib pou ou resevwa avantaj SNAP, TAFDC oswa RCA. Men, ou ka elijib si ou genyen sikonstans adisyonèl ki kalifye ou kòm yon resòtisan Kiben/Ayisyen, tankou ou te rantre Etazini atravè pawòl imanité oswa te aplike pou azil. Si ou genyen 65 lane pou pi piti oswa ou andikape, oswa w ap pran swen yon moun andikape, ou ka elijib pou resevwa asistans lajan kach EAEDC si ou genyen TPS.

### E si se viza touris oswa etidyan ou genyen?

Imigran ki gen viza ki pa imigran, tankou vizitè oswa viza elèv etranje, pa kalifye pou asistans manje SNAP oswa benefis lajan kach.

### E si mwen bezwen asistans jiridik?

Sèvis jiridik yo bay asistans jiridik gratis bay moun ki genyen ti revni ki kalifye pou sèvis la. Kontakte sèvis jirik lokal ou a si yo te refize w avantaj lajan kach oswa avantaj manje oswa si ou bezwen lòt asistans jiridik. Ale Sou Demachè Resous Asistans Jiridik La Sou: <https://masslrf.org/en/home>